



Pou Piblikasyon Imedya: 06/06/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN YON PWOJÈ 30 MILYON DOLA POU MODÈNIZE STATE ROUTE 17A AK 94 NAN KONTE ORANGE

Pwojè plizyè sit la pral refè sifas plis pase 22.5 km wout; konstwi yon wonpwen pou amelyore sikilasyon epi amelyore emisyon yo

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a ke travay yo ap kòmanse sou yon pwojè ki gen plizyè aspè pou konstwi yon wonpwen, ranplase plizyè kanal epi refè sifas State Route 17A ak 94 nan Vil Warwick ak Goshen ansanm ak Vilaj Warwick, Florida ak Goshen, nan Konte Orange. Nan yon zòn ki renome pou festival pòm li yo, fèm tè nwa, kous cheval ekipe, ak eksperyans acha inik, pwojè milti-kominote sa a ki vo 30 milyon dola pral amelyore sikilasyon, anpeche inondasyon pandan y ap ogmante rezistans, epi amelyore enstalasyon pyeton yo pou satisfè bezwen konte k ap grandi sa a nan Hudson Valley.

"Pwojè milti-fasèt sa a fè pati angajman kontinyèl nou pou kreye enfrastrikti transpò 21è syèk la ki konsantre sou bezwen kominote yo atravè Hudson Valley la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou kreye yon wonpwen dènye kri, plizyè kilomèt aksè miltimodal pou ale nan sant vil ak vilaj yo, epi lè nou konstwi pou touris nan lavni, n ap amelyore sekirite epi fasilite vwayaj nan plizyè destinasyon popilè ke rejyon k ap grandi rapidman sa a gen pou l ofri."

Pwen santral pwojè a se pral refè sifas wout la sou 22.5 km (14 mil), ki pral fèt sou State Route 94/17A soti nan fwontyè eta New Jersey rive nan Vil Goshen epi sou State Route 94 rive nan Durland Road. Yo pral ajoute yon bann ki make ak penti epoksi reflektif tou pou ogmante vizibilite makak pave yo pandan tanpèt yo, sa ki pral amelyore sekirite plis toujou. Yo pral amelyore tou limyè sikilasyon yo ak ranp twotwa pou sòti ak antre ki toupre yo.

Anplis de sa, pwojè a pral konstwi yon wonpwen ak ekleraj dekoratif sou State Route 94 nan County Route 1A ak Reservoir Road nan Vil Warwick pou reyalyne entèseksyon sa a. Nouvo wonpwen an pral genyen peyizaj endijèn epi yo pral fèt pou redwi potansyèl pwen konfli kote otomobilis yo ak pyeton yo rankontre, pandan y ap kreye mwens anbouteyaj. Nouvo pasaj pou pyeton yo, twotwa yo ak lòt akomodasyon pou pyeton yo pral amelyore aksè tou nan destinasyon ki tou pre yo.

Yo konsevwa wonpwen yo pou maksimize sekirite ak minimize blokis. Konpare ak kèk entèseksyon tradisyonèl, sikilasyon an sikile pi lib atravè wonpwen yo, sa ki diminye anbouteyaj ak tan vwayaj yo. Aksidan nan won pwen yo gen tandans pou yo mwens grav paske yo tipikman pwodui ak vitès ki pi lan. Won pwen yo elimine tou nesese pou siyal sikilasyon ki mache ak elektrisite. Pou jwenn konsèy sou fason pou w navige yon wonpwen san danje, gade [video ansèyman itil ki disponib sou chèn Youtube DOT la](#).

Yon enfrastrikti solid ak rezistan enpòtan pou sante jeneral kominote yo epi woje sa a pral modènize sistèm drenaj yo pou pi byen jere dlo lapli k ap koule a epi ranplase twa kanal sou State Route 94 ak youn sou State Route 17A pou anpeche ewozyon epi ankouraje sante ak abita rivyè lokal yo.

Amelyorasyon siyal trafik yo, nouvo pasaj pyeton, ranp pou twotwa, ekipman siyal pyeton aksesib, drenaj ak aplikasyon nouvo konfigirasyon liy yo pral fèt nan entèseksyon sa yo:

- State Route 94 nan 17A
- State Route 94 nan Colonial Avenue
- State Route 94 nan Meadow Road
- State Route 94 nan Reservoir Road

Yo prevwa konstriksyon an etap pa etap ap gen ladan chanjman liy, fèmti liy limite chak jou ak ti devyasyon. Yo prevwa pou woje sa fini nan sezon prentan 2027.

Komisè Depatman Transpò Eta a (State Department of Transportation), Marie Therese Dominguez te deklare, "Pa gen pi gwo chanpyon pou amelyorasyon enfrastrikti nan Hudson Valley ak atravè eta a pase Gouvènè Hochul. Vizitè yo vini nan Konte Orange pou bote natirèl li yo ak opòtinite touristik li yo, epi anpil ladan yo te rete pandan ane yo pou viv, travay epi elve yon fanmi, sa ki lakòz kwasans li. Investisman n ap fè nan enfrastrikti nan rejyon an akomode kwasans sa a, epi kreye yon mobilite amelyore ak amelyorasyon pou pyeton, yon woulib ki pi dous epi an jeneral, yon sistèm transpò ki pi rezistan."

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Gras a plizyè milyon dola nan Lwa Bilateral sou Enfrastrikti ak Travay mwen an (Bipartisan Infrastructure & Jobs Law), n ap ouvri chemen pou yon avni ki pi an sekirite nan Hudson Valley. Sa pral konstwi yon nouvo wonpwen epi refè sifas State Route 17A ak 94, amelyore sikilasyon sou koridò vital sa a epi ede konekte rezidan yo ak vizitè yo ak festival pòm ak fèm tè nwa ki pi popilè nan Konte Orange, tout pandan y ap kreye djòb, djòb ak djòb. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul ki ap byen itilize lajan federal sa yo pou amelyore sekirite ak konektivite pou Nouyòkè nan Hudson Valley yo."

Reprezantan Pat Ryan te deklare, "Lè nou modènize enfrastrikti nou an, nou rann lavi a pi aksesib e pi efikas pou fanmi Hudson Valley yo tout pandan n ap ankouraje devlopman ekonomik esansyèl nan tout rejyon an. Pwoje sa a chanje tout bagay pou

kominote nou an; li bay lari ki pi an sekirite, pi bon sistèm pou tanpèt, ak yon amelyorasyon nan sikilasyon ke fanmi nan Konte Orange merite. M ap kontinye travay avèk patnè nan tout nivo gouvènman an pou amelyore sekirite sikilasyon, modènize enfrastrikti demode yo, epi ranfòse kwasans ekonomik nan tout kwen nan Hudson Valley la."

Enfòmasyon sou Depatman Transpò

Se misyon Depatman Transpò Eta Nouyòk pou founi yon sistèm transpò ki an sekirite, fyab, ekitab, ak rezistan ki konekte kominote yo, amelyore kalite lavi, pwoteje anviwònman an, epi sipòte byennèt ekonomik Eta Nouyòk.

Lavi yo andanje; ralanti epi mete nou sou kote pou travayè otowout yo!

Pou plis enfòmasyon, jwenn nou sou [Facebook](#), swiv nou sou [X](#) oswa [Instagram](#), oswa vizite [sitwèb](#) nou an. Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite [www.511NY.org](#) oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](#)
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](#) | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](#) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)